Lajang mau tik-tikan lan dikirimake liwat pos. Tanggale ora ana, nanging ditampa kira-kira sepuluh dina kepungkur. Dadi unkur-unkuran karo mulihe Prastowo njang Jogja. Sing kirim lajang ora gelem njebutake djenenge. .... mung ditekani T.D kang tegese Tanp Djeneng Nanging senadjan mengkono, Nuraini bisa nduga uwong sing kirim lajang mau. Mestie ora lija ja Sulisty. Sapa maneh jen dudu Listyo. Mitrane sing kentel ja mung deweke. Semono uga Listyo (11)lan deweke ja wis dadi mitra betjik. Mula senadjan lajang mau, kena diaani lajang budeg, nagning Nuraini nagndel marang isine. Ja marga ngandel marang isining lajang mau, atine Nuraini dadi goreh. Deweke rumangsa diapusi. Tembunge Prastowo kang dakik-dakik kae mung lamis bae.

Njut... Nuraini kelingan tetembungane Prastowo dek pamit mulih Jogja. Nalika semana, bubar djandjan sate ana warunge pak kardjan, botjah loro pada runtang-runtung mlaku-mlaku ana kreteg Semanggi. Kreteg utawa djembatan Semanggi iku sawidjining kreteg kang modern lan betjik banget. Mula didjenengake kreteg Semanggi, amarga wujud jen disawang saka nduwur kaja godong semanggi. Nalika semana wantjine bengi. Botjah loro pada ngadeg ana kreteg, sinambi njawang lampu neon kang maewu-ewu tjatjahe, kang madngi kompleks Senajan. Saka kono uga bsa weruh Gedung Markas Besar Ganefo, Gedung depora, Wisma Utama, Istora, Gelora Bung Karno lan lija-lijane. Kabeh mau mudjudake bangunan raksasa kang bisa merbawani rasa mbededeg.

- Dik Nur – tjlatu prastowo karo ngelus-ngelus tangane Nurain kang lumer – aku ora bisa ngratjik tembung kang dakik-dakik, aku ora bisa nggambarake sepra gedening katresnanku. Kreteg Semanggi kang semono sentosane, mbok menawa dudu amput-ampute jen katimbang karo kasantosing katresnaku. Gedung Gelora Bung Karno kang semono gedene, meksa durung bisa ngungkuli gedening katresnanku. Sorote lampu-lampu nen kang maewu-ewu tjatjahe iku, senadjan didadekake sidji pisan ora bakal kuwawa madangi djroning atiku sunar kang kena pinitaja madangi atiku ora lija ja ung sunaring sih katresnanmu, dik Nur. Mula rina wengi aku tansah ngasih-usih lan ngantu-antu tjumlorote ndaru kang dumadi saka getering katresnanmu, dik Nur.
- Mas Pras, dak kira kau ora perlunglairake isining atiku, djer mas Pras mestine wis krasa jen getering katresnanku iki wis keblok karo laguning sih-sutresnamu. Jen mas Pras dadi laguring gending, kau kang dadi ambune. Dene jen mas Pras dadi tлага, aku dai ombake. Tjekake menjang ngendi bae ora kena pisah.
- (12)Ah dik Nur, teka semono gedening praseyamu. Tumrape aku, prasetya kang semono gedene iku bisane lestari ja kudu ditimbang dening kasetyan kang ora bisa luntur dening mangsa, lan ora bisa anjur dening bebaja...

Brebel.....tuhe Nuraini tumetes nelesi lajang sing ish ditjekeli. Tetembungane Prastowokan kang dakik-dakik dek semana kang us sineksenan dening kreteg Semanggi. Oo ... djebule mung lamis lan ora kena diantepi. Tudjune durung kebatjut. Tudjune ana sing ngelingake. Mungghah Listyo ora ngandani sida bubrah tenan.

Mas Prastowo,

Aku mentas entuk lajang saka mitraku lan ngakune uga mitramu sing kentel. Lajang mau mblakakake jen mas Pras wis kagungan arwa ana Jogja, malah putrane djare wis meh loro.

Mula wiwt dina iki, sesambunganku karo sliramu dak tjupat tekan semene bae. Marga jen dibatjut-batjutake mung bakal awe memala. Mas Pras wis ora perlu nggoleki aku, ora perlu nemoni lan ora peru nglajangi aku, djer kabeh mau wis ora ana gunane.

Anggepen jen aku ora ana, semono uga penganggepku marang sliramu. Lelakon ndisik iku mung sawidjining impen kang ora sanjata. Jen ketemu ana ndalan ora susah sapa aruh, amarga pantjen pada dene ora tepung.

Wasana ndadosna pamirsa.

NURAINI.

Durung na kartengah sasi, prastowo wis ditugasake dines menjang djakarta manh. Kanggone Prastowo tiwas kebeneran. Kedjaba wis kangen karo Nuraini, deweke arep (13)ngabari jen sesambungane mau wis disarudjuko dening wong tuwane Prastowo. Dadi mung kari golek dina sing betjik. Wiwit mangkat saka Jogja Prastowo wis nganta-anta, samangsa salaman karo Nuraini, tangane

ora arep ditjul-tjulake atine selak ora sabar, kapengin arep njekeli tangane Nuraini kang lumar. Nanging sing dimpi-impi rina wengi mau wusanane ora bisa klakon. Namging deweke teka neng omahe Nuraini, sing nemoni mung ibune. Mlah polatane ibune katon beda karo adat saben. Geneja katon amem lan kaku?

- Pak Prastowo, kula dipuntitipi serat anak kula supados dipuntjaosaken pendjenengan. Nur sapunika nembe tuwi sederekipun wonten Bogor. Mbok menawi radi dangu wonten ngrika.

Atine Prastowo ora mung gela, nanging uga ora kepenak. Luwih-luwih bareng lajang wis diwatja, dadane kaja bengkah-bengkahan. Arep nesu ora ana sing dinesoni, arep mangkel ora ana sing dimangkeli. Tjejake rasane ora kau-karuwan. Pikirane kebak pangotak-atik. Gek sapa sing duwe pokal gawe kaja mengkono iku? Lajang bola-bali diwatja. Ana jen mung ping lima bae. Suwe-suwe deweke duwe panjakrabawa jen sing duwe pokal gawe mau ora lija ja mitrane dewe, jakuwi Listyo. Sapa maneh jen dudu Listyo! Ee kok tegel-tegele kok tekan-tekane. Ora ngira babar pisan jen Listyo duwe tumindak anteng-anteng tibane ngemut klenteng, jen ngono Listyo dewe ja ngasiri Nuraini. Atine Prastowo dadi panas.

Tekan mess Listyo metukake karo takon:

- Pije Pras, wis ketemu karo Nur?
- Nur sapa? – wangsulane Prastowo sengol .
- Ajak, Nur jang-mu...ndadak klewa-klewa barang. Emoh apa pije. Jen emoh tak pek lho mengko, - guneme Listyo mbeda.

Dasar atine Prastowo lag panas lan kekbak panjakrabawa marang deweke. Mula krungu tetembungane Listyo mau atine saja murub.

- Peken...peken tjekake. Wong wis dikarepake bae (14)ndadak plintat-plintut. Lis, aku ora ngira babar pisan jen kowe tegell sing semono. Eh, mitenah kantja sakerah-kerah.
- Lho Pras. Kowe ki kena apa? Aku kok ora mudeng...
- Heh ora mudeng? Nuraini saiki wis moh tepung karo aku, karo wong sing wis duwe bodjo lan anake meh loro...Peken...peken...mung tjarane adja asor ngono.

Prempeng... kupinge Lisyto kaja ditampeng. Rasa gumun lan ora mudeng sakala malih dadi muntab. Ora maido, ati monogampang kebrang. Sanadjan atine kaja-kaja wis ora kena ditata maneh, ewadene tembunge isih disaba-sabarake:

- Pras, adja waton ngutjap. Kowe ki kanda bab apa?
- Kanda bab apa? Ajak, wis ora susah kumbi. Gilo lajange watjanen dewe. – kanda mengkono mau lajang saka Nuraini diuntjalake. Lajang bandjur diwatja Listyo. Rampung matja nuli takon:
- Pras, genshe kowe ki ngarani aku ta?

- Sapa maneh jen dudu pokal-gawemu.
- Oo mbk mati ta.
- Matija...mampusa...ben ora pada bisa ngukup Nuraini – Muni ngono mau prastowo karo lunga.
- Pras... menko disik ta...- Ning Prastowo ora ngrewes. Lakune saja dirikatake. Tangane getem-getem kaja-kaja kepengin ngantemi Listyo. Nanging deweke durung duwe tanda bukti sing kuwat mungguh pokal-gawene Listyo. Mula deweke arep golek tanda bukti sin kuwat disik. Jen wis entuk gampang. Listyo aep ditamdangi tenan. Pada dene sangan sasi ana guwagarba bae kok, wedi apa.

Lakune Prastowo tekan warunge mak Amat. Deweke terus srok, lingguh ana dingklik karo aba wedang serbat.

- Kok pijambakan mawon pak? – pitakone mak Amat gumun. Adat saben jen golek wedang mesti tjah loro. Lha pundi Pak Listyo?.
- (15)Saweg kesah – wangsulane Prastowo waton muni.

Nalika semana sala kulon ketebang-tebang ana botjah wadon nganggo rok span, rambut di ekor kuda. Pakulitane iren manis. Alise ndjlirit ning ketel. Lembene njlumik katon jen sugih witjara. Saka kadohan wis mesem-mesem. Bareng tjedak nuli arub-arub:

- Mas Pras, kok kadingaren mung dewekan. Lha endi mas Lis?
- Lunga – wangsulane prastowo rada mangkel. Dene kabeh-kabeh kok nakokake Listyo.
- Saben rene kok mesti kepetuk – tjlatune kenja mau karo mlerok.
- Jen sak sore ora ngombe wedang serbate mak Amat keragihan – wangsulane Prastowo karo mesem. Mangkele rada suda.
- Lah iki arep mundut apa?
- Rokok.
- Rokok? Kagem sapa ta?
- Kagem mas Anwar, garwane mbakju. Kebenaran lagi kondur. Tindak rana pa ma, ben tepung?
- Ja, matur nuwun, sedje dira bae. Ngastane mas Anwar ki ana ngendi ta. Kok ora tau weruh.
- Ana ALRI, iki dong kodu. Sesuk wis tindak maneh. Mbok menawa tindake rada suwe, amarga ngendikane arep tugas ana Irian barat.
- Tuku apa sih – pitakone mak Amat saka ndjero  
Karsih mengkonono djenenge kenja mau, ngulungake duwit karo tjlatu:
- Njuwun rokokipun Menakjingga kalih, Kansasipun wonten mboten mak?
- Ana – wangsulane mak Amat.
- Kansasipun setunggal.
- (16)Sawise didoli , Karsih lingguh ndjenjeri Prastowo karo tjlatu:
- Mas, suk mburimu kana arep ana orkes.

- Mburi mess?
- He-eh.
- Ana perajaan ap?
- Anu kok... mantu. Suk mirsani ora mas?
- Janek ana wektu tak perlokne.
- Orkese apik banget kok mas. Penjanjine bae lima, tur suwarane betjik-betjik. Eny ja melu njanji.
- Eny sapa?
- Eny, bidanita sing terkenal kae lho.
- Ija ta?
- He-eh, wis ta, suk nontona.
- Dik Karsih, kowe arep ngundjuk apa?
- Ora matur nuwun mas.
- Ora, ora. Matur nuwun. Kau mentas ngombe. Lan mengko mundak diarep-arep. Wong dikongkon kok slemengko mundak diarep-arep. Wong dikongkon ko slewengan. Anu mas, sesuk jen tindak kantor djam pira?
- Kaja adate, djam wolu.
- Aku jen nderek tekan Pasar Minggu apa pareng?
- Bisa bae, arep tindak apa prije sesuk?
- Ja, aku sesuk tak njegat kana bae ja?
- Ija.
- Wis disekejakake ja mas, aku tak bali.

Sawise mbalang esem karo plerokane, kenja mau lunga. Lakune saja diaksek-aksekake. Prastowo njawang nganti adoh. Rampung anggone ngombe wedang, deweke bandjur bali, ndjudjug garasi. Ora let suwe djipe wis bablas. Nalika ngliwati kreteg Semanggi, atine deg-degan. Deweke kelingan dek pada runtangruntung ana kono.

...mas Pras, getering katresnanku iki wis keplok karo laguning katersnamu. Jen mas Pras dadi laguning gending, (17)aku dadi titilarase. Jea mas Pras dadi kembang aku kang dadi ambune. Dene jen mas dadi tlaga aku kang dadi ombake. Tjekake menjang ngendi bae ora kena pisah...

Detdet-deet... Prastowo kaget. Setri enggal dibanting ngiwa. Meh bae tabrakan karo truck. Sopire mentelengi karo misuh-misuh. Prastowo ora wani mangsuli, merga wis ngrumangsani salah. Tekan narep warung sate pak Kardjan, djipe mandeg. Prastowo ora enggal medun. Mripate ngulatake ngiwa nengen sadjak ana sing digoleki. Tjedak wong dodol rokok ana grombol-grombol botiah. Prastowo medun marani botjah-botjah mau. Nanging bareng prastowo medun, blur, botjah-botjah mau pada bubar. Sidji ana sing mlaju adoh. Lijane pada njabrang sing dodol rokok. Pitakone:

- Pak, kowe apa weruh Nurdin?
- Nurdin, Nurdin sapa? – itakone sing dodol rokok.
- Nurdin sing dodol koran lan sing sok djaga mpntor ana kene kae lho.
- Oo deweke ta. Lah kae, lagi bae lunga ngalor kae.

Prastowo bali marani djipe. Karepe arep nututi Nurdin. Nalika iku deweke weruh ana botjah papat pada ngrubung djipe. Jen ora kleru botjah mau kang pada grombol-grombol ana ngarepe sing dodol rokok. Lagi mikir-mikir, dumadakan deweke krungu bane digembosake. Prastowo maju karo mbengok:

- Eee kurang adjar...

Botjahe sing nggembosake ban mlaju karo ngguju tekakaken. Prastowo mututi kanti ati mangkel. Durung adoh anggone ngojak kepeksa mandeg, sebab deweke krungu bane sing sidjine uga digembosake kantjane. Tjengkelak, Prastowo bali lan mlajoni botjah kang lagi ndodok nggembosaken ban.

- Kurang adjar ja kowe – pembengoke Prastowo.

Botjah mau ngguju tjekakaken terus nglaju. Atine Prastowo tambah panas. Botjoah mau terus dibledig. Kantjane loro sing isih ngadeg ana kono pada keplok-keplok njuraki. Prastowo (18)ora ngrewes, sebab sing diojak wis meh ketjekel. Dumadakan botja mau trengginas njabrang dalan. Prastowo arep nututi ning kandeg, merga ana montor iwat. Dewek ora sida nututi sebab sing diojak wis bablas. Nalika semana deweke krungu surak-surak: Horee...horee... Prastowo noleh. Sing bengok-bengkok mau tibane botjah loro kang mau isih ngadeg tjedak djipe. – Gek-gek botjah kae ja arep kurang adjaran – batine Prastowo. Prastowo kepeksa bali marani djipe menen. Sinambi surak-surak botjah loro kang ana kono genti mlaj kaja ngapa nesune Prastowo, bareng weruh bane papat kabeh wis kempes.

- Setan tjilik pada kurangadjar-sanadjan dadane nggandjel sak karambil, ning ora bisa apa-apa. Untunge tjedak kono ana tukang tembal ban.

“Eee, awak ki nek lagi sijal, teka botjah-botjah bae pada ngganggu –gawe,” mengkono batine Prastowo.

Sawise bane dikompa, djipe enggal dilakokake ngalor. Mripate tansah ngulatake ngiwa-nengen. Sadjake ana sing digoleki. Tjedak wong dodol bensin deweke weruh ana botjah ndelik amping-amping drum. Botjah mau nggawa tumpukan koran Prastowo ngendegake djipe. Tangane rohoh-roguh sak. Aksine kaja arep tuku bensin nanging polatane ora uwal saka drum-drum kang didjedjer-djedjer mau. Dumadakan nengginas deweke mentjolot. Tjengele botjah mau ditjandak wai terus dilarak dilebokake djip. Botjahe rontjalan, ning ora direwes. Sing dodol bensin ndomblong. Djip terus nggeblas. Tekan dalan sing sepi bandjur madeg.

- Karepmu keprije? – pitakone Prastowo.  
Botjah mau mung meneng bae, raine tumungkul wedi.
- Karepmu kaprije – panjentake karo ngojog-njojog botjahe.

Sing diojog-ojog durung gelem mangsuli. Kedereng ati panas, botjah mau nuli ditapuki.

- Kapok... kapok pak...kapok ...- sambate botjah mau.  
Prastowo ora ngrewes. Tangane isih terus terus napuki plak-plek, nganti tangane krasa panas.
- (19)Sing akon nggemboske banku rak kowe ta? – tangane genti ndjambak. Sirahe botjah mau dipepetake wesi.
- Ajo mangsuli, jen ora. Tak taboki maneh. Ija ora?!
- Ija- siuwarane kamisesegen.
- Dai pantjan wis mbok djarag?
- He-eh – Botjahe ndingkluk karo ngelapi luhe
- Sebabe apa?
- Aku mengkel.
- Mankel? Mangkel karo sapa? – pitakone Prstowo gumum.
- Karo kowe.
- Karo aku? Salahku apa?

Botjah mau ora mangsuli.

- Salahku apa? – tjalune Pastowo santak karo ndjambak rambute – Ajo gek mangsuli, salahku apa.
- Kowe... kowe arep ngangg dolanan mbakjuku. Dek simak rasanan karo ju Nur, aku ngrungokake. Djare kowe wis duwe bodjo ana Jogja. Mula ju Nur ora sudi ketemu kowe meneh.

Prastowo undjal ambegan. Atine kaja didodog. Nganti suwe ora bia kumentjep. Nesune rada lilih.

- Din, - tjiatune Prastowo alon – kabar kang kaja mengkono mau ora bener. Kabar mau mung sawidjining pitenah. Lungaky iki pantjen arep nggoleki kowe. Perlune kedjaba arep ngandani bab pitenah mau, uga arep ndjaluk tulung kowe, gelema mbijnatu nggoleki sing mitenah.

Prastowo bandjur ndjelentrehaken kahanane kang sanjatane. Uga panja krabawane marang Sulistyو dikandakake. Sabandjure deweke ndjaluk pambijantune Nurdin kang sanjatane. Sabandjure deweke ndjaluk pambijantune Nurdin kang supaja nggolekake lajang kang ditampa Nuraini. Nurdin njaguhi. Atine Prastowo dadi lega.

## (20)Digropjok

Saploke neng nengan karo Prastowo. Listyo ora tau lunga-lunga. Saben dinane mung nduwel ana kamar kao matja. Nudju sawijining dina deweke lagi enak-enak matja ana kamar ngarep, ora ngerti sangkan paraning bilahi, ngerti-ngerti Prastowo mlebu kamar terus ngantem kursine didjidjak. Listyo tiba krengkangan.

- Enja, gilo lajangmu- tjlatune Prastowo karo nguntjalake lajang. Listyo njekeli pipine kang kena diotos. Mripate ngawasake lajang kang gumletak sajeduke. Atine mangro. Males ngantem apa matja layange disik? Durung rampung anggone mikir, Prastowo wis nggeblas mlebu kamare. Listyo ngranggeh lajang terus diwatja. Sadjrone matja, atine dadi panas. Deweke ora rumangsa nulis lajang mau. Embuh sapa sing nulis lajang mau, ning deweke ora rumangsa. Seing tjeta lajang mau, lajang budeg. Njatane ora ana djenenge. Ngisore mung dituisi T.D.

“Kurang adjar. Ngarani wong sak kapenake bae. Ora gelem nitipriksa disik, tek-teka terus nganterin. Rumangsane apa aku wedi.” Listyo ngelus-elus pipine sing mentas didjotos. Dadane kaja bengkah-bengkahan. Tjengkelak. Listyo ngaged terus marani kamare Prastowo. Ndilalah Prastowo metu saka kamar. Nesune Listyo wis ora kena diampet maneh. Prastowo diantem sakajenge. Prastowo kaget. Arep nangkis wis ora bisa. Irunge kena didjotos. Tjur, getihe mantjur. Durung bisa mapan wis kena djotosan maneh. Prastowo mentjolot mundur. Listyo ngojak karo ngantem. Prastowo enda, tangane genti ngantem weteng. Buk. Nanging Listyo ora ngrewes, malah gani ngantem. Trengginas Prastowo nangkis. Tangane kena diuntir. Listyo pringisan. Arep ngutjuli kangelan, mula sikile kemlawe ndjegal. Prastowo tiba. Listyo kageret katut tiba. Botjah loro bandjur pada gelut rame, tindih-tidahan, ruket-rinuket lan piting pining. Loro-lorone pada dene rosane. Nganti suwe anggone pada gelut, nanging ora ana uwong sing ngerti utawa misah, amarga kahanane pantjen sepi. Sing manggon ana mess kono mung botjah loro

...(21) Prastowo arep nangkis, ning kasep. Plek. Lempenge kena tungkak...

(22) loro kuwi. Mulane anggone gelut bisa tutug. Nalika Prastowo genti ana nduwur, tangane nganten sarosane. Sing diener raine Listyo. Anging listyo bisa namplek tangane prastowo. Tangane sing kiwa nduwa lempeng. Prastowo tiba krungkep. Trengginas Listyo ngadeg, prastowo uga bandjur ngadeg. Botjah loro pada penteleng-telenan. Solahe kaja wong boksen. Atine pada dene panas. Kabeh ngrumangsani benere dewe. Mula jen durung ana sing kalah salah sidji ora bakal mandeg anggone pada pantjakara mau. Nalika weruh ana kesempatan betjik, rastowo ngantem, nanging Listyo bisa ngendani, malah sikile bisa ndjedjak lempeng Prastowo arep nagkis ning kasep. Plok. Lempenge kena tungkak...glajar...glajar...sirahe keratap lingir media. Prastowo mbengo terus tiba...semaput. Listyo menggeh-mengeh njawang mitrane. Atine rumangsa marem bisa males. Nalika deweke arep lingguh kursi. Sikile ngidak lajang tik-tian kang dadi memala mau. Layang nuli didjupuk. Sawise diwatja sepisan maneh nuli ditulis:...iki dudu layangku. Aku ora rumangsa gawe pitenah. Sawise nulis terus mlebu kolah. Metune njangking ember isi banju, suwe-suwe Prastowo eling. Mripate kerap-kerip njawang ngiwa nengen, terus mandeg njawang Listyo, tangane nggotjeki sirahe kang mengjonjo sak kentos.

- Enja, lajange dakbalekake. Iki dudu lajangku – lajang diuntjalake. Listyo terus lunga tanpa noleh.

Malem Minggu djam pitu, mburi djam mess wis kaja pasar malem. Lampu-lampune wong dodolan wis pating klentjar ngebaki plataran lan dalan-dalansakiwa tengene sing duwe gawe mantu. Ngarep omah digawekake panggung kanggi orkes. Tamune wis kebak. Kedjba kuwi sing nonton ana tontonan, mula saben ana tontonan, sing nonton prasasat mbludag. Sing akeh para nom-noman. Njindang nganggone ora beda karo sing pada djagong. Kanggone para muda tontonan mau sawidjining kesempatan kanggo nglentjer lan ngumbah mripat. Prastowo gumun weruh ambjake kang pada nonton. Bola-ali kepetuk botjah aju. Ana sing diterake tjah lanang. Nanging akeh uga kang mung dewekan. Dasare ati muda, mula Prastowo (23)tansah njawang ngiwa nengen, ngematake kenja-kenja aju kang pating sliwer ngubengi panggung. Lagi enak-enak ngumbah mripat, dumadakan ana sing njablek gegere.

- Mas Pras.

Prastowo kaget. Tangane ana sing nggondeli. Bareng ditolen tibane Karsih. Kenja mau ngawasake karo mesem. Jen rupane karsih mau pantjen ora elek. Manise ileng-ulengan. Pawakane lentjir kentjeng. Nalka iku deweke nganggo rimong upis warna ireng.

- Ah dik Karsih ki gawe kaget – tjlatune Prastowo karo njawang pipine kang mrusuh lumer. Pipine Karsih nganggo digintju abang tipis, ndadekake saja ajune.
- Lagi njawang apa mas kowe? – pitakone Karsih.  
Prastowo rada kisinin. Mula wangsulane glogap-glagap
- Njawang apa ja nonton orkese ngono. Djare penanjine apik-apik.
- Ajak, nonton orke apa. Genah durung pada teka ngono kok mbok wis ora isin.
- Isin pije?
- Aku ngerti bae.
- Ngerti apa? – pitakone Prastowo ketjipuhan.
- Mas Pras mau lagi njawang widodari-widodari sing pada pating sliwer. Ija apa ora?  
Prastowo mung ngguju nggleges, merga kabukak wadine.
- Mas, kowe wis weruh mantene apa durung?
- Durung.
- Ajo tak tuduhi – tjlatu mengkono mau, tangane Prastowo terus digandeng. Prastowo mung manut bae. Batine: botjah iki kok kendel temen ta ja?
- Lha kae galo mas mantene – tjlatune Karsih Prastowo ngingetake papan kang dikarepe Karsih. Mantene lingguh djedjer. Sing wadon nganggo rok putih dawa klangsrak lemah. Rambute dikapsel gede, ditjunduki kembang warna-warni, nganti katon rame banget tangane njekeli kepet. Mripate nganggo katja mata...ireng. Dene mantene lanang nganggo setelan ireng. Kupluke ja ireng. Dadane nganggo srempang abang-putih. Lengene kiwa tengen dipasang (25)gombjok mas kaja sandangedjnedral V.O.C. Prastowo eli kelingan jen nonton ketoprak. Tangane uga njekeli kepet. Mripate uga nganggo katja mata... ireng. Prastowo lagi weruh sepisan kuwi mantep kang njandang nganggone kaja ngono. Gumume dene loro-lorone pada nganggo katja mata ireng. Mangka wajahe bengi. Apa ora samar jen numbuk-numbuk. Ah, wong tjarane dewe-dewe ding – mengkono batine Prastowo..
- Dik Karsih, mantene kae kok pada nganggo katja mata ireng ki lara mripate ta?
- Ora, ji pantjen ngono kuwi tjarane.
- Lha karepe pije?
- Ajake bae-bae ora duwe rasa isin dirubung tamu akeh.

Prastowo mantuk-mantuk batine mbenerake penemu utawa loro pisan pada lungguh tumengkul sadjak isin. Ora wani noleh, ora wani obah, nganti kaja rena mbok menawa jen pada nganggo katja mata ireng isine suda.

Sawise tutug anggone njawang manten botjah loro pada mlaku ngener panggung. Orkese wis wiwit main. Penjanjine pada lungguh djedjer ana ngiringan. Lanange loro wadone papat.

- Aju-aju mas penjanjine – tjlatune Karsih.
- Lan bagus-bagus ta?

Botjah loro pada ngguju

Sig djenenge Eny ki sing nganggo rok idjo kae mas. Wah suwarane betjik lan jen wis njanji gajane mengeluarkan. Joo rada njedak kana maa jo.

- Emoh ah, isin aku jen tjedak-tjedak. Malah ada ngadoh kana bae.

Orkese pantjen betjik. Semono uga suwarane Eny. Bali-bali pidjer dikeplok. Saja wengi saja mundak gajeng. Bareng kesel anggone ngadeg, botjah loro pada tuku wedang lan saoto. Antarane djam sidji, Prastowo krasa .....mula tilature:

- Dik Karsih, aku wis nagntuk. Kowe arep bali saiki apa mengko?
- Mbakjuku ewang ana kana. Ngomah saiki suwung.
- (25)Lha pije, aku arep bali saiki.
- Jen ngono aku ja arep bali saiki bae. Ning aku diterke disik ja?
- Kowe mengko ora digoleki mbakjumu apa?
- Ora
- Ja wis jen ngono.

Botjah loro nuli pada mulih. Dalane tjijut lan peteng. Kiwa tengen kebak wit-witan. Karsih tansah gondelan lengene Prastowo karo mepet-mepet. Prastowo ora duwe rasa apa-apa, mula tindak-tanduke Karsih kang kaja mangkono mau ora ditanduki utawa dilebokake djroning ati. Tekan ngarep omahe Karsih, Prastowo arep pamitan, nanging ditjandet.

- Mas, lampune omah kok mati. Tulung disumetake disik ja mas? – Prastowo ora bisa suwala.

Sawise mbukak lawang, botjah loro pada mukmukan mlebu, nalika iku ana regemeng-regemengmelu mlebu omah terus ndelik. Botjah loro ora nggatekake. Prastowo ngrogoh reke terus kanggo njoloki lampu.

- Lampune ana medja kana kok mas – tjlatune Karsih karo nggered Prastowo.

Sawise njumet lampu. Prastowo pamitan, nanging Karsih sadjak bingung.

- Mas aku wedi.
- Wedi? Lha ndjur pije? Apa bali rana maneh nusul mbakjumu?

- Emoh.
- Lha karepmu pije?

Karsih mung meneng bae anggone gondelan malah saja kentjeng.

- Dik, kowe ki pije ta? Djare ndjauk diterke mulih bareng tekan ngomah kanda wedi. Diterke nusul mbakyu ja emoh, lha ndjur pije?
- Aku jen dewe wedi.
- (26)Lha mau pije? -Atine Prastowo bingung. Arep pamitan tangane isih digondeli. Arep ngantjani ana kaja ora prajoga. Mengko bisa didakwa sing ora-ora.
- Wis jo bali rana meneh jo – pangerihe-erihe Prastowo.
- Emoh
- Lha pije? Apa aku kon nantjani kowe ana kene? Sepisan ora prajoga, ping pindone aoke uwong mengko keprile. Aku iki ja ndjga djenengmu dik. Wis ra, jen kowe ora gelem dak terke nusul mbakjumu, aku kudu enggal-enggal bali. Pije raka tinggal ja?
- Kosik ta – tjlatune Karsih karo ngentjengi anggone gondelan.
- Wah lha repet iki – batine Prastowo - aku rak bisa diarani tumindak sing ora-ora. Djenengku rak saja djatuh. Genah lagi bae dipitenahnguwong, dikandakake wis duwe anak bodjo, saiki ngadepi kahanan kaja gene maneh.

Durung tutug anggone ngumbar gagasan dumadakan ana suwara kula nuwun. Prastowo kaget. Atine dadi deg-degan.

Tjlaka tenan awakku. Wah gek kepije iki. Apa ndelik. Gek arep ndelik ngendi! Ning jen ora ndelik, tjilakane bisa didakwa tumindak sing ora-ora. Wah sarwa rekasa.

- Dog..dog..dog.. kula nuwun ...  
Botjah loro pada pandeng-pandnegan.
- Karsih...Karsih... – pambengoke saka njaba.
- Sinten ngih niku? – pitakone Karsih karo saja mepet-mepet.
- Aku... pak Idris.
- Mas Pras, - Karsih mbisiki – kae pak Idris saka kalurahan. Wah tjilaka mas.

Prastowo ora bisa mangsuli. Pikirane lagi diperes-pers golek dalan.

Pak Idris bengkok-bengkok maneh: - Karsih...aku arep perlu karo kowe.

Botjah loro pada wani obah. Dumadakan ora ngerti sangkan parane ana suwara: ...ssst..ssst...botjah loro pada noleh karo kaget. Gumumne Prastowo karo Karsih ora (27)uwis-uwis, dene Listyo wis ngadeg ana satjedake. Wong ora weruh mlebu kok udjug-udjug wis ana kon. Prastowo seneng atine entuk kantja, nanging karsih sadjake milih katon ora seneng, Prastowo rada gumun:

- Wis pada menenga bae, kabeh pasrahna aku, tjlatume istyo lirih. Deweke nuli mbukak lawang.
- Mangga pa, tjlatune Listyo ngadjen. Pak Idris mlebu karo wong sidi maneh. Wong mau semune kaget weru Listyo anan kono. Pak Idris ora tumuti tjlatu, nanging nganti suwe njawang Listyo genti njawang Prastowo lan Karsih.
- Wonten kersa menapa pak Idris! Pitakone Karsih.
- Ja adja dadi atimu ja Sih, wangsulane pak Idris – tekanku mrengs iki iku entuk laporan jen ana prija mlebu omah kene. Mangka iki wajahe wis wengi. Dudu wajahe wong nampa tamu. Luwih-luwih kowe kuwi sawidjining kenja kang durung ana sing mengku. Mula kanggo ndjaga ketentremaning walajahku ak kepeksa ngurus.

Karsih ora mangsuli. Lambene Prastowo ia kaja kementjing.

- Kowe wis ngerti dewe peraturane kampung kene. Dadi tumindakku iki ora lija mung lelepi peraturan. Mula kanggo ngresikake djenengmu lan kulawargamu, aku kepeksa tumindak apa mestine.
- Kula ingging namung bade nderek kados pundi keputusanipun pak Idris, djer kula sampun ngrumaosi salah, - mangkono wangsulane Karsih. Prastowo kaget semono uga Listyo.
- Kosik dik Karsih – sumelane Listyo – Ngaten nggih pak Idris. Kaparenga kula njaosi keterangan menapa wontenipun kala wau kula tetiga menika sami ningali orkes. Gandeng sampun dalu lan dik Karsih igu bade wangsul, pramila kula kekalih sami ngeteraken dik Karsih menika.
- Lo ngeteraken ngaten kengangkenging kemawon, nangingb rak inggih mbten perlu sami mlebet nggrija.
- La menika ngaten. Amargi lampunipun nggrija pedjah, kula kepesa njumetaken. Dados anggen kula sami mlebet nggrija menika, saperlu bade njumetaken lampu.
- (28)Menapa wonten njumet lampu kok ngantos djam-djaman.
- Lho sinten ingkang lapur mekaten? Kula menika wau nembe pamitan, wusawa pandjenengan ladjeng rawuh. Dados anggen kula wonten nglebet nggrija menika nempa kemawon.
- Sinten ingkang bade pitados. Miturut lapuran pandjenengan sampun dangu wonten nglebet grija.
- Mboten pak. Saestu kula mboten matur dora. Kula nembe kemawon mlebet, dereng wonten kalih menit.
- Menapa pandjenengan saged mbuktekaken?
- Saged pak - wangsulane Listyo. Prastowo degdegan jen nganti ora bisa aweh bukti sida tjlaka. Nanging Listyo kature tatag bae. Itik bae ora duwe rasa nggragap.
- Buktinipun kados pundi? – panantange pak Idris.
- Nyuwun pangapunten nggih pak. Saderengipun kula nyaosi bukti, kaparenga kula njuwun pirsu rumijin, menawi drija ngeteraken satunggalupin wanita punika leres menapa mboten.

- Menika mila leres lan malah klebet satunggaipun kewadajiban. Nanging menawi ladjeng sami tumut mlebet nggrijamangka sanes wajahipun, menika mboten prayogi, langkung-langkung grija neriki nembe suwung.
- Pak Idris menapa ngertos pijambak. Menawi kula sampun dangu wonten nglebet grija ngriki.
- Wonten ingkang lapuran dateng kula.
- Sinten ingkang lapur pendjenengan? – pitakone Listyo.
- Inggih satunggaling sederel kampung ngriki kemawon. Wangsulane pak Idris rada kewuhan.
- Kula sampun ngertos sinten tijangipun ingkang lapur pendjenengan. Rak bapak menika ta? Tjlatu mengkono mau Listyo karo nudingi uwang sing nderekake pak Idris. Pak Idris kepeksa mantuk. Deweke pantjen uwong kang ora bisa goroh. Watake keras, ning djudjur. Listyo nutugake anggone matur:
- Lapuran menika mboten leres pak. Lan kula saed mbuktekake, sebab bapak menika ... asmanipun sinten pak? Pitakone Listyo marang wong mau.
- Dahlan, wangsulane pak Idris. Pak Dahlan ora mangsuli, ngedewe katon jen ora djendjem.
- (29)Nah, pak dahlan kala wau mundut wdang wonten ler panggung. Kleresan kula inggih tumbas wedang wonten ngriku lan linggihipun tjelak. Nalika Prastowo bade ngeteraken wangsul dik Karsih, pak dahlan lajeng kesah. Undjukanipun tasih kebak lan tasih benter. Sareng pak dahlan kesah kula ladjeng tumut ngeteraken dik Karsih menika. Kados ingkang tumut ngeteraken ik karsih menika. Kados ingkang kula aturaken ingadjeng. Kula kapeksa mlebet grija perl nyumetaken lampu. Sesampunipun njumet lampu ladejng pamitan. Wusana pandjenengan sekalijan sami rawuh. Dados anggen kula wonten nglebet nggrija menika nembe kemawon. Jen Pak idris mboten pitados, mangga kula nderekaken dateng ingkang mande wedang. Wedangipun pak Dahlan menika rak tasih benter lan tasih kebak. Wong kala wau dereng ngantos dipunundjuk.

Pak Dahlan katon saja ketjipuhan. Gumune Prastowo, dene polataneKarsih ja sadjak ora seneng. Pak Idris noleh marang Dahlan. Pitakone:

- Bener ora? Kowe mau tuku wedang durung mbok ombe? Dahlan ora mangsuli.
- Bener ora? Pitakone pak idris semu sereng. Dahlan mantuk.
- Jen ngono pijaji loro iki lagi bae mlebu ngomah?
- Ing...gih – wangsulane Dahlan seret.
- Lha kowe ki piye ta? Tilatune pak Idris semu muring-muring.
- Wah inggih njuwun pangapunte pak. Sampun mangga menawi bade kondur. Kula inggh ladjeng bade wangsul, Dahlan enggal-enggal digeret metu. Pak Idris rumangsa kisinin, mulane Dahlan diunek-unekake.

Listyo lan prastowo uga enggal-enggal pamitan. Nalika dipamiti, Karsih ora mangsuli. Embuh apa sebabe. Bareng wis rada adoh prastowo lagi wani takon:

- Lis, kowe kok dadi wis ana ndjero ngomah mau nalare keprije?

- (30)Ngene Pras, sadurunge aku mangsuli pitakonmu aku tak tjrita disik lelakon sadurunge.sepisan bab layang sing mitenah kowe kae, lajang kuwi dudu gawejanke. Mangga aku tegel lan keduga gawe pitenah sing asor kaya ngono sawise dak selidiki, aku ngerti sing mitenah kowe.
- Sapa Lis? – pitakone Prastowo.
- Dik Karsih.
- Dik Karsih? – pitakone Prastowo semu ora ngandel.
- Ija pantjen dik Karsih.
- Lho sebabe apa?
- Mangsa jen kwe ora krasa. Dik Karsih rak seneng karo kowe. Dadi anggone gawe pitenah mau kerepe arep misahake kowe lan dik Nur. Jen kowe wis bisa pisah karo dik nur kowe arep dirogoh atimu.
- Kuwi tenan apa?
- Tenan. Aku bisa mbuktekake. Anggone ngetik lajang dik Karsih njilih mesin tik kalurahan.
- Dadi kowe wis nitipriksa ta?
- Uwis
- Lha sabandjure keprije?
- Wose, dik Karsih kepengen dadi bodjomu - wangsulane Listyo karo nggablok, - jen ora isa saran alus, ja sarana dalan lija. Lha dalan lija iku ja lelakon iki mau.
- Jen ngono lelakon iki mau wis dirantjang?
- Ija, sadjake wis dirantjang karo Dahlan iki mau.
- Ngertimu?
- Maune aku durung ngerti. Nanging bareng aku tanah ngulatake anggonmu runtung-runtung karo dik Karsih, aku bisa ngonangi nalika deweke aweh sasmita karo Dahlan. Nalika iku Dahlan lagi tuku wedang. Lungguhe tjedak aku. Deweke ora ngira jen aku iki kantjamu. Mula bareng deweke kepetuk aku ana omahe dik Karsih. Deweke kaget.
- Dadi Dahlan iki bareng wis entuk sasmita saka dik Karsih teru enggal-enggal lapur neng kalurahan?
- (31)Ija wedange nganti durung diombe wis ditinggal prung. Kuwi sing ndadekake aku duwe rasa tjuriga. Mula aku dewe ija bandjur ngetutake lakumu. Bareng kowe mlebu omah dik Karsih. Aku ja melu mlebu sarana sesi deman. Ning adja kleru tampa, aku ora arep ndingkik kowe lho – tjlatune Listyo karo ngguju. Prastowo melu ngguju nin rada klintjutan.
- Lha karepmu melu mlebu omah mau apa?
- Ja arep mbijantu kowe jen ana apa-ap. Lan aku ja bisa ndungkap karepe dik Karsih.
- Apa kowe ngerti jen bakal digropjok?
- Ja mung saka pandugaku bae.
- Ah tudjune... – Prastowo ora wani nerusake.
- Tjilakane ja mung kon ngawini dik Karsih – Lisyo ngguju. Atine Prastowo kaja diwelehake. Deweke kelingan dek ndakwa Listyo gawe pitenah. Kelingan dk ngantem lan kelingan anggone pada neng-nengan. Ora ngira babar pisan, jen Listyo kang

wis ditatoni atine teka ora duwe rasa serik. Kosok baline malah gelem awew pitulungan kang semono gedene. Betjik temen bebudene Listyo iki atine Prastowo trenjuh.

- Lis – tjlatune Prastowo karo ngrangkul – aku ndjaluk ngapura...
- Wis, wis Pras – wangsulane Listyo karo nggablog – ora perlu dipikir. Sing wis a uwis. Ora perlu digawe mbitojong.
- Wah aku matur nuwun banget...
- Wis ta ora sah dipikir. Wis salumrahe jen kekantjan kuwi kudu tulung-tinulung – atine Prastowo saja ternjuh.
- Pras – tjlatune Listyo sawise pada meneng sawatara – aku kepengen sesambunganmu karo dik Nur bisa pulih meneh.
- Tjarane pije ja Lis? – Prastowo rumangsa bingung.
- Jen kowe gelem manut aku, aku gelem ngeguhake.
- Ja is aku manut.

Listyo nuli ngandakake rantjangane, prastowo mantuk-mantuk tanda setudju (32) mau Prastowo medun saka peturon terus mlebu kamar lija. Batine Prastowo ngalem marang eguh-pratikele Listyo. Deweke dikon etok-etok lara lan Nuraini bakal dikandani supaja tilik. Dadi larane mau sadjatine mung sandiwara bae. Nanging Nuraini ora ngerti, mulane bareng krungu Prastowo kepengin mlaku-mlaku, mesti bae atine gumun lan prihatin. Ora let suwe Prastowo wis rampung angone dandan.

- Ajo, dik – tjlatune karo mesem.
- Menjang ngendi? – pitakone Nuraini gumun.
- Dolan-dolan
- Sliramu isih gerah lho mas.
- Ora, ora aku wis ora lara. Ajo ta – kanda mengkono mau Prastowo karo njandak lengene Nuraini. Nuraini manut.

Nalika botjah loro wis lungguh ana ndjeron djip, Listyo bengok-bengok saka tjendela.

- Aku megko dioleh-olehi lho!

Botjah loro pada noleh. Prastowo mangsuli:

- Adja samar.
- Melu pa mas Lis? – pitakone Nuraini.
- Emoh, ndak ngganggu – wangsulane Listyo karo ngguju. Botjah loro melu ngguju.

Bareng djipe wis tekan dalam gede, rastowo tjlatu:

- Aku rumangsa kepotangan gede banget karo Listyo. Ing atase deweke wis dak serik-serikake, dak larani atine, nanging piwalese malah betjik banget. Adja ana deweke sesambunganku karo dik Nur sida bubar tenan. Muga-muga Gusti Allah kersa paring dalan marang aku, bisane genti males kebetjikan marang deweke.

Nuraini ora mangsuli. Linggihe saja mepet-mepet. Sirahe ditumpangake pundake Prastowo. Sing dilendeti mesem kebak kabegdjan.

- Dik Nur, pije rasaning atimu?
- Bahagia. Lha mas Pras keprije?
- Aku ja rumangsa begdja banget.

Djip terus bablas ngener kreteg Semanggi. Loro-lorone pada kepengin ngungkap kenangan nikmat duk nalika pada apredjadi nedya urip bebarengan lan sineksenan kreteg Semanggi kang kuku saha sentosa iku.

Pratowo rumangsa marem atine bisa klakon njanding Rra Mendut pasar Minggu. Kadjba kuwi panadjape arep males kabetjikan marang Listyo uga klakon. Nalika Prastowo lan Listyo dines menjang Djakarta maneh. Listyo kagubel lalakon kang njala wadi. Adja ditulungi Prastowo, mesti nemahi tjilaka.

-TAMAT-